

School District/Borough/Number (6-digit): _____ # ID elèv la: _____ Dat jodia: _____

Sondaj paran ELL ak Konsantman pou pwogram

Pitit ou _____ ki nan klas _____ nan

(Non) (Siyati)

(Non lekòl) _____ kòm elèv ki gen dwa pou resevwa sèvis Elèv k ap aprann lang anglè (English language learner, ELL) (sèvis edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang).

Gen de tip edikasyon bileng: pwogram an de lang (dual language, DL) ak Edikasyon bileng pou tranzisyon (transitional bilingual education, TBE):

- Nan **pwogram DL yo**, yo anseye elèv yo nan de lang: Anglè ak lang yo pale lakay, paegzanp panyòl, chinwa oswa fransè, pami lòt lang. Objektif pwogram sa a se pou elèv yo kapab li, ekri ak pale ni anglè ni lang natifnatal la. Nan kou an de lang yo, yo itilize lang natifnatal la ak lang anglè a nan menm nivo. Menm apre pitit ou a pa yon elèv ELL ankò, l ap rete nan pwogram lan pou l kontinye aprann ak devlope de lang yo. Pwogram sa a gen ladan yon kou anglè kòm nouvo lang (English as a new language, ENL)
- Nan **pwogram TBE yo** ofri kou lekti, redaksyon ak lòt kou ann anglè ak nan lang natifnatal pitit ou a. Pandan anglè elèv la ap amelyore, tan li pase ap aprann ann anglè a ogmante epi tan li pase ap aprann nan lang natifnatal li a diminye. Depi yo pa idantifye pitit ou a kòm yon ELL ankò, l ap kite pwogram lan. Pwogram sa a gen ladan yon kou anglè kòm nouvo lang.

Tout elèv ELL resevwa bagay sa yo:

- Nan **pwogram ENL yo**, yo anseye elèv yo ann anglè avèk sipò nan lang natifnatal yo pou yo ka aprann li, ekri ak pale anglè. Lang natifnatal elèv ki nan pwogram sa a gen dwa difere epi anglè gen dwa se sèl lang yo gen an komen pami yo.

Si pa gen ase elèv pou kreye yon pwogram edikasyon bileng nan lekòl kote yon elèv ye, yo ka bay pitit ou a mwayen transpò pou li ale nan yon lòt lekòl nan distri a kote ki gen yon pwogram konsa. Si pa gen pwogram TBE ki disponib, y ap mete pitit ou a nan yon pwogram ENL. Si pa gen yon pwogram bileng ki disponib nan lekòl ou a, y ap mete pitit ou a nan pwogram sa a sofsi ou refize pwogram bileng lan. **Pwogram ENL obligatwa, ou pa ka refize l dapre regleman Depatman edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NSED).**

ETAP 1: Opsyon Pwogram ELL ki disponib					
Tanpri ranpli seksyon sa a	Pwogram sa yo disponib kounye a nan lekòl sa a:				
	<input type="checkbox"/> Pwogram ENL				
	<input type="checkbox"/> Pwogram TBE				
	<input type="checkbox"/> Pwogram DL				

	<input type="checkbox"/> Pwogram TBE ak pwogram DL sa yo disponib nan distri sa a:				
	DBN lekòl la	Tip pwogram (TBE, DL, toude)	Lang	Klas	Adrès

Lekòl la ap ranpli seksyon sa a	ETAP 2: Plasman pwovizwa Yo mete pitit ou a pwovizwaman nan: <input type="checkbox"/> Pwogram ENL <input type="checkbox"/> Pwogram TBE <input type="checkbox"/> Pwogram DL
---------------------------------	---

Paran/responsab la ap ranpli ETAP 3, 4, ak 5

Tanpri ranpli seksyon sa a	ETAP 3: Konsantman paran Tanpri ranpli bagay sa yo (tcheke <i>YONN</i>): Mwen resevwa enfòmasyon sou pwogram ELL la epi... <input type="checkbox"/> mwen aksepte plas pitit mwen an nan yon pwogram TBE . <input type="checkbox"/> mwen aksepte plas pitit mwen an nan yon pwogram DL . <input type="checkbox"/> Mwen pran dwa mwen genyen pou m mete pitit mwen nan yon pwogram ENL . <input type="checkbox"/> Mwen rekonèt kounye a pa gen pwogram bileng nan lekòl mwen an, epi mwen konprann pitit mwen an pral resevwa sèvis ENL sèlman. Sepandan, mwen ta renmen yo mete m sou yon <i>lis</i> pou lè gen ase elèv pou fòme pwogram bileng lan, pou yo mete pitit mwen an nan pwogram bileng sa a. Mwen vle pou pitit mwen an rete nan lekòl sa a <input type="checkbox"/> Mwen rekonèt kounye a pa gen pwogram bileng nan lekòl mwen an epi mwen konprann pitit mwen an pral resevwa sèlman sèvis ENL. Sepandan, mwen ta renmen mande yon <i>transfè pou pwogram bileng</i> . Mwen konprann avan yo transfere pitit mwen an, m ap resevwa plis enfòmasyon sou kote pwogram bileng lan ye ak si si gen plas disponib. Depi m fin resevwa enfòmasyon yo, m ap bay otorizasyon final pou yo kontinye ak transfè a. <i>(SONJE: Se Direktè a k ap kòmanse transfè pou pwogram bileng lan)</i>
----------------------------	---

Tanpri ranpli seksyon sa a	ETAP 4: Enfòmasyon sou paran <input type="checkbox"/> Mwen li tout enfòmasyon ki pi wo a epi mwen konprann si mwen pa voye fòm sa a tounen pou pi ta _____ yo ka mete pitit mwen an nan yon pwogram edikasyon bileng aoswa DL) nan lekòl aktyèl la. Si se pa sa, y ap mete pitit mwen an nan yon pwogram ENL nan lekòl aktyèl la.
Non Paran/Responsab:	
Adrès:	
Telefòn:	Lòt telefòn :
Adrès imèl:	
Syati :	Dat:

Depatman edikasyon Vil Nouyòk konsidere ke patisipasyon nan edikasyon pitit ou a se kle pou reyisit li. Sondaj la enpòtan anpil pou konfime ke ou resevwa tout enfòmasyon ki nesèsè pou chwazi yon pwogram ELL ki apwopriye pou pitit ou a lè w gen pou chwazi a (gade paj 2). Tanpri ranpli fòm lan ann antye epi retounen li bay [*name and title of person*] nan lekòl ou a.

Tanpri ranpli seksyon sa a	ETAP 5: Sondaj paran	Tcheke yonn	
	1. Èske w te resevwa enfòmasyon sou pwogram De lang, Edikasyon Bileng pou Tranzisyon ak Pwogram otonòm Angè kòm yon nouvo/dezyèm lang (English as a New/ Second Language, ENL/ESL) ki disponib nan lekòl pitit ou a ak/oswa lòt lekòl nan distri a?	<input type="checkbox"/> Wi Kòmman yo te prezante enfòmasyon an? <input type="checkbox"/> Oryantasyon lekòl <input type="checkbox"/> Apèl telefòn <input type="checkbox"/> Rankont endividyèl <input type="checkbox"/> Lòt mwayen (tanpri eksplike)	<input type="checkbox"/> Non Ki rezon ki te fè ou pa t resevwa enfòmasyon an? <input type="checkbox"/> Yo pa t ofri li <input type="checkbox"/> Yo te ofri l men mwen pa t ka ale <input type="checkbox"/> Lòt rezon (tanpri eksplike): <hr/> Èske yo te ofri w yon lòt dat? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	2. Èske yo te montre videyo oryantasyon paran an nan lang ou pi pito a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non Èske yo te ofri w yon entèprèt? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	3. Èske w te gen opòtinite pou poze kesyon ak jwenn repons sou pwogram diferan ki disponib pou pitit ou a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
	4. Èske yo te di w ke pitit ou a gen dwa pou l ale nan yon klas bileng nan lekòl li ye a si gen ase elèv ki gen dwa pou ELL epi ki pale menm lang natifnatal la ak ki nan menm nivo klas la (si paran yo chwazi yon pwogram bileng)?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
	5. Èske yo te di w ke si pa gen ase elèv pou yo fòme yon pwogram bileng nan lekòl ou a, ou gen opsyon pou transfere pitit ou a nan yon lòt lekòl nan distri a ki gen yon pwogram De lang, ak/oswa yon pwogram edikasyon bileng pou tranzisyon; ak si ou chwazi pou pa transfere pitit ou a, l ap rete nan lekòl li ye a nan yon pwogram ENL?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
	6. Èske yo te di w ke pwogram yo mete pitit ou a se pou tout ane a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
	7. Èske yo te di w ke lè elèv rete nan menm pwogram ou te chwazi a jiskaske li pa bezwen sèvis lao ankò, sa ka ede li fè siksè?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
8. Èske yo te di w ke y ap mete pitit ou a nan yon klas ki apwopriye avèk laj jiskaske yo idantifye ki sèvis li bezwen?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non	

School completes this section	Step 6: School Certification	
	To be completed by school officials:	
	I certify that I have reviewed the above information and that the parent or guardian is fully informed regarding ELL programs and the student has been placed in the appropriate program and in accordance with CR Part 154 as outlined in the NYC DOE's <i>ELL Policy and Reference Guide</i> . I have accurately entered this information into the ELPC screen in ATS.	
	Print Name:	Print Title:
Signature:	Date:	